

19 novanm

Pito yon moun chache pwoteksyon anba zèl Senyè a pase pou l mete konfyans li nan moun.

Sòm 118. 8

Bondye ki rele nou va fè sa pou nou, paske li toujou kenbe pawòl li 1 Tesalonisyen 5. 24

Vizit nan yon kay kote moun retrete rete

“Li enposib pou m kwè nan kèlkeswa bagay la. Mwen viv twòp bagay tèrib! Yo ka rakonte m tout sa yo vle, m pa kwè nan anyen”. Se avèk pawòl anmè e kategorik sa yo yon pansyonè nan yon kay kote moun retrete rete refize yon levanjil yo te pwopoze l.

– Mwen pa ka imajine, madanm, li pa ta gen nan ou menm yon ti kras konfyans : si ou moute yon avyon, se paske ou kwè nan kapasite pilòt la ak mekanisye an. Lè ou achte yon medikaman ou fè l konfyans, li kapab geri ou san ou pa fè okenn analiz. Ou pa gen dout, trimès k ap vini an ou pral touche kòb pansyon ou.

Eprèv tèrib sa yo ou viv la kraze kèk bagay nan ou. Ou pa vle kwè nan moun paske ou pa vle wont. Donk, kwè nan Bondye, paske li pap janm twonpe ou.

– Lè m ap gade jan kreyen yo ye e sa y ap fè, kòman ou ta vle m kwè nan Bondye?”

Nou pa mande w adopte yon relijyon, ki souvan trayi pa menm moun yo ki adopte l la, men nou mande ou pou rankontre ak Bondye pèsònèlman. Ou sèlman bezwen aksepte Jezi Kris, sila a, Bondye te voye pou sali nou ak bonè etènèl nou, ou bezwen mete konfyans ou nan lanmou li ak nan pwomès fidelite l.

Mwen te kite pou li yon levanjil, li pwomèt mwen li va li l.

19

novembre

Mieux vaut mettre sa confiance en l'Éternel que de se confier en l'homme. Psaume 118. 8

Celui qui vous appelle est fidèle. 1 Thessaloniens 5. 24

Visite dans une maison de retraite

“Il m’est impossible de croire à quoi que ce soit. J’ai vécu trop de choses terribles ! On peut me raconter tout ce qu’on voudra, je ne crois plus en rien”. C’est avec ces paroles amères et catégoriques que cette pensionnaire d’une maison de retraite refuse un évangile qui lui est proposé.

– Je ne peux pas imaginer, Madame, qu’il n’y ait plus en vous le moindre sentiment de confiance : Si vous prenez l’avion, c’est bien que vous croyez à la capacité du pilote et des mécaniciens. Quand vous achetez des médicaments, vous vous fiez à leurs vertus thérapeutiques sans procéder vous-même à des analyses. Vous ne doutez pas non plus qu’au prochain trimestre vous toucherez ponctuellement votre pension.

Ces épreuves terribles que vous avez vécues ont en effet brisé quelque chose en vous. Vous ne voulez plus croire en l’homme parce que vous ne supportez plus d’être déçue. Croyez donc en Dieu, lui ne vous trompera jamais.

– Quand je vois ce que sont et ce que font les chrétiens, comment voulez-vous que je croie en Dieu ?”

Il ne s’agit pas d’adopter une religion, en effet souvent trahie par ceux qui prétendent lui appartenir, mais de rencontrer Dieu personnellement. Il suffit d’accepter Jésus Christ, celui qu’il a envoyé pour notre salut et notre bonheur éternels, de mettre sa confiance dans son amour et dans ses promesses de fidélité.

Je lui laisse un évangile qu’elle promet de lire.